

# **MODEL *PROBLEM BASED LEARNING* PIKEUN NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR SISWA DINA SUBTEMA ORGAN UNGGUT SATO**

(Panalungtikan Tindakan Kelas Pikeun Siswa Kelas V SDN Jerukmipis  
Kabupaten Bandung Taun Ajaran 2018/2019)

Ku

**Resa Dwi Novian**

**155060090**

## **ABSTRAK**

Panalungtikan ieu dilaksanakeun kalawan tujuan pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa ngagunakeun model *Problem Based Learning* dina Subtema Organ Unggut Sato. Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas V SDN Jerukmipis Kabupaten Bandung. Kasang tukang dilaksanakeun ieu panalungtikan nyaea ku aya na siswa anu kurang nembongkeun sikep percaya diri katut hasil diajar anu kurang, hal ieu dibalukarkeun siswa tacan wani pikeun nepikeun opini, nanya, katut ngajawab kana pananya sajeroning kagiatan diajar. Guru dina sajeroning nepikeun pangajaran, saukur ngagunakeun metode anu sifatna kurang vareasi, kalawan dina nepikeun materi mung saukur museur kana buku guru atawa siswa anu ngabalukarkeun siswa pasif dina diajar. Panalungtikan ieu dilaksanakeun kalawan ngagunakeun desain panalungtikan Kemmis jeung Mc. Taggart. Panalungtikan ieu dilaksanakeun dina 3 siklus kalawan dibarengan ku kagiatan anu luyu reujeung tahapan model *Problem Based Learning*. Metode pikeun ngumpulkeun data, kalawan ngagunakeun hasil tes jeung observasi. Hasil Panalungtikan netelakeun yen model *Problem Based Learning* bisa ngronjatkeun hasil diajar siswa di siklus I nepi siklus III kalawan nyangging nilai 23% nepi ka 87% katut sikep percaya diri di siklus I nepi ka siklus III nyaeta anu kawitna 17% ngaronjat janten 90%. Kacindekan ieu panalungtikan model *Problem Based Learning* mampu ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina subtema Organ Unggut Sato.

**Kecap Pamageuh:** Model *Problem Based Learning*, Hasil Diajar Siswa.